

● КъБР-м и Правительствэм

# Хабзэр зымыгъэзащIэхэрщ шынагъуэ къэзыгъэхъур

**КъБР-м и Правительствэм и Унафэщl Мусуков Алий иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ Гъуэгум шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ республикэ комиссэм и зэIущIэр.**

МУСУКОВ Алий жиIащ намыщIыса лэжьыгъэ щыIэмэ, икIэщIыпIэкIэ яухыжын зэрыхуейр.

Республикэм и гъущI гъуэгу зэпрыкIыпIэхэм шынагъуэншагъэр къызэрыщызэгъэпэщам теухуауэ къэпсэлъащ Кавказ Ищхъэрэм и гъущI гъуэгухэм хиубыдэ Минеральные Воды щIыналъэм мафIэгухэр шынагъуэншэу зэрыщызекIуэм кIэлъыплъым и къуэдзэ **Уколов Вячеслав**. Абы жиIащ гъущI гъуэгухэм къыщагъэсэбэп техникэ Iэмэпсымэхэр егъэфIэкIуэным, шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным гулъытэшхуэ зэрыхуащIыр, ауэ унафэ зыгъуэтыпхъэ куэд мы Iуэхум иджыри зэрыхэлъыр.

- 2016 гъэм и япэ мазитхум гъущI гъуэгу зэпрыкIыпIэхэм деж транспорт зэжьэхэуэу 74-рэ къыщыхъуащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм еплъытмэ, процент 20-кIэ апхуэдэ гузэвэгъуэхэр нэхъ мащIэ хъуауэ жыпIэ хъунущ. Мы гъэм цIыху 37-рэ хэхуащ зэжьэхэуэхэм, абыхэм ящыщу 15-р хэкIуэдащ. Минеральные Воды зэжьэхэуэу 4 къыщыхъуащ, зы цIыху хэкIуэдащ. 2016 гъэм зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрми апхуэдэ Iуэхугъуитl къыщыхъуащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зы цIыху хэкIуэдащ, тIум фэбжь хахащ, - жиIащ Уколов Вячеслав.

Транспортыр зэжьэхэуэныр къызыхэкIым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр, къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, гъуэгум щагъэзэщIэн хуей хабзэхэм зэребакъуэрщ. Уколовыр къытеувыIащ гъущI гъуэгу зэпрыкIыпIэхэм гузэвэгъуэ къыщымыхъун щхьэкIэ Прохладнэ станцым и лэжьакIуэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм. ГъущI гъуэгухэм шынагъуэншэу узэрызэпрыкIынум теухуа тхыгъэу 2016 гъэм 33-рэ абыхэм ягъэхьэзыращ, 12-р район администрацэхэм ирагъэхьащ, автопредприятэхэм - 5, ГИБДД-м - 9. Апхуэдэуи рейду 8 ирагъэкIуэкIащ. ГъущI гъуэгу зэпрыкIыпIэхэм шынагъуэншагъэм теухуауэ щагъэзэщIэн хуей хабзэр къызэпызыуд Iуэхугъуэ 17 къыщIагъэщащ, абыхэм унафэ тращIыхьыну ГИБДД-м ирагъэхьащ. Машинэ зезыхуэхэм гъуэгу хабзэхэр зэращIэр къапщытэн мурадкIэ, цIыху 268-м епсэлъащ, жыпхъэхэр зэрыт тхыгъэу 300-м щIигъу зэбграгъэхащ.

КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Инжыджокъуэ Сэфарбий** тепсэлъыхьащ гъэмахуэ мазэхэм сабийхэм зыщагъэпсэху щIыпIэхэм екIуалIэ гъуэгухэм я щытыкIэр мы зэманым зыхуэдэм, гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэн зэрыхуейм теухуауэ ныбжьыщIэхэм драгъэкIуэкI гъэсэныгъэ лэжьыгъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и управленэм и унафэщI **Бэджыдэ Юрий** зэIущIэм зэрыщыжиIамкIэ, 2016 гъэм и япэ мазитхум республикэм гъуэгу хабзэхэр къыщызэпаудауэ Iуэхугъуэ мин 462-рэ 206-рэ къахутащ. Ар 2015 гъэм елъытауэ процент 40-кIэ хэхъуащ. Ныкъусаныгъэхэм я процент 76-р къыщIэзыгъэщар гъуэгухэм щагъэува камерэхэрщ. Бэджыдэм къызэрыхигъэщамкIэ, зэман гъунэгъум апхуэдэ Iэмэпсымэхэр иджыри ягъэувынущ. Республикэм и гъуэгухэм щатха административнэ къуэдыхэр сом мелуан 278-рэ мин 746-рэ мэхъу. Абы щыщу къыхахыжар сом мелуани 136-рэ мин 606-рщ. Мусуков Алий а Iуэхум еужьэрэкIын хуейуэ къыщыхигъэщым, Бэджыдэм жиIащ абыкIэ IэнатIэм иIэ Iэмалхэр зэрымащIэр. «Дэ дыхуиткъым залымыгъэкIэ къуэдыхэр цIыхухэм къаIэщIэтхыжыну. Абы и лъэныкъуэкIэ къэдгъэсэбэпыфыр ятелъ къуэдыхэм тIукIэ хэдгъэхъуэну дыхуиту щыгъэбелджыла статьямрэ я щIыхуэр зытрагъэкIыну къыхуедджэнымрэщ», - дыщIигъуащ Бэджыдэ Юрий.

ЗэIущIэм щаубзыхуащ гъэзэкIуэжын хуей лэжьыгъэр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

● Школ хъыбархэр

# Апелляцэ комиссэхэр лъэIу тхылъхэм хоплъэ

**ЕГЭ-мкIэ къахьа баллхэмкIэ мыарэзыуэ къагъэхьа лъэIу тхылъхэм Налшык къалэ щыIэ апелляцэ комиссэм хэтхэр хэплъащ.**



КЪЫХУАГЪЭУВ мардэм тету еджакIуэхэм ята жэуапхэм комиссэм хэтхэр хоплъэжри, хуэфащэу къалъытэ баллхэр ягъэувыж, абыкIэ зэрыарэзым и щыхьэту еджакIуэхэм Iэ щрагъэдзыж.

Апелляцэм езыта дэтхэнэри щагъэгъуэзащ лэжьыгъэхэр къыщапщытэкIэ баллым хагъэщIынкIи хагъэхъуэнкIи зэрыхъунур.

Псори зэхэту тхылъ 310-рэ къагъэхьати, абыхэм ящыщу 65-р арэзы ящIащ. Дэтхэнэ зыми экзамен щитым IупщIэхэм ящыщу жэуап тэмэм зритамрэ щыуагъэ щыIэщIэкIамрэ къыгурагъэIуэжащ.

**ГЪУКIАКЪУЭ Аллэ.**

● Хъуэхъу

***Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм дэт курыт школ №2-р илъэс 50 и пэкIэ, 1966 гъэм, къэзыуха гупым йохъуэхъу***

ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ зэрылъ зы унагъуэм хуэдэу зы классым дызэдыщIэсащ, ди щIалэгъуэм дяку дэлъа хуабагъэмрэ гуапагъэмрэ тфIэмыкIуэду, гъащIэм дэтхэнэми увыпIэ щыдгъуэтащи, узыншагъэ диIэрэ ди дэрэжэгъуэм хэхъуэу, гуфIэгъуэр ди Iэпэгъуу, нэщхъеягъуэр къытпекIуэкIыу, ди нэхъыжьыфIхэр тхуэпсэууэ, ди щIэблэм яхудиIэ мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ къыдэхъулIэу, ди унагъуэ жьэгухэр мыужьыхыу, ди гур зыщIэхъуэпс псомкIи Тхьэр къытхуэупсэну ди гуапэщ зэдеджа псоми.

Апхуэдэу дохъуэхъу егъэджакIуэфIу, ущиякIуэ Iэзэу диIахэу зи ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 80 ирикъуа Къуэдзокъуэ Хьэсэн, Жэмыхъуэ Къэралбий, Къазий Мухьэз, Шафий Лолэ, Къаскъул Светланэ сымэ. ЩIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ, ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIым зегъэужьынымрэ ябгъэдэлъ зэчийхэр къэгъэнэхуэнымрэ илъэс куэдкIэ хуэлэжьахэм фи пщIэмрэ фи щIыхьымрэ лъагэу, фи узыншагъэр быдэу куэдрэ Тхьэм фигъэпсэу.

***Мэршэнкъул зэщхьэгъусэхэу Викторрэ ФатIимэтрэ.***

● Мэкъуауэгъуэм и 27-р Урысейм и щIалэгъуалэм я махуэщ

# КъэкIуэнур зейхэр

**Илъэс къэс мэкъуауэгъуэм и 27-м Урысейм и щIалэгъуалэм и махуэр ди къэралым щагъэлъапIэ.**

А МАХУЭМ и тхыдэр къыщежьар 1958 гъэм и мэлыжьыхь мазэращ. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ мэкъуауэгъуэ мазэм и иужьрей тхьэмахуэ махуэм ЩIалэгъуалэм я махуэр ягъэлъэпIэну яубзыхуауэ щытащ.

1993 гъэм, СССР-р къутэжа нэужь, УФ-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ къэрал комитетымрэ Урысейм и ЩIалэгъуалэ, сабий зэгухьэныгъэхэм я лъэпкъ советымрэ я жэрдэмкIэ УФ-м и япэ Президент Ельцин Борис ЩIалэгъуалэм я махуэр мэкъуауэгъуэм и 27-м гъэлъэпIэным теухуа унафэм Iэ щIидзауэ щытащ. Абы дэщIыгъууи, Урысей Федерацэм хыхьэ гъэзэщIакIуэ органхэм, хэгъуэгухэм, щIыналъэхэм, а махуэм зэIущIэхэр, нэгузыужь концертхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, псапащIэ Iуэхухэр, щIалэгъуалэм ехьэлIа нэгъуэщI дауэдапщэхэри щрагъэкIуэкIын хуейт.

Урысей Федерацэм и ещанэ Президенту щыта Медведев Дмитрий 2008 гъэм Урысейм ис щIалэгъуалэм я махуэм щехъуэхъум жиIауэ щытащ: «ЩIалэгъуалэращ жылагъуэм нэхъ жыджэру хэтыр, дунейм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм зыдезыгъэкIуфыр, щIэныгъэщIэхэр псынщIэу къэзыщтэр. Къэралым фыхуэщхьэпэну, абы и пщIэр фи зэфIэкIхэмкIэ фIэтыну фызэрыхэтым хэкум и зыужьыныгъэр куэдкIэ елъытащ. Дэ дыхуэныкъуэщ щIэныгъэ зыбгъэдэлъ, акъыл зиIэ, зэфIэкI щхьэхуэхэмкIэ къулей щIалэгъуалэ. Къэрал щIалэгъуалэ политикэм и къалэн нэхъыщхьэр ныбжьыщIэхэм гъуэгу етынырщ, гъащIэм лъэ быдэкIэ хэгъэувэнырщ, сыту жыпIэмэ унэтIыныгъэ псори апхуэдэ щIалэгъуалэм хуэныкъуэщ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Ельцин Борис ЩIалэгъуалэм я махуэр мэкъуауэгъуэм и 27-м триухуами языныкъуэ къалэхэм, япэхэми хуэдэу, мазэм и иужьрей тхьэмахуэ махуэм зэрыщагъэлъапIэр.

● Гъуэгу къежьапIэ



# НыбжьыщIэм и зэфIэкI лъагэ

**Тэрч къалэ дэт Гъуазджэхэмкlэ сабий школыр къэзыуха Тэрчокъуэ Алимбэч ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал зимыIэ ехъулIэныгъэхэр къегъэлъагъуэ.**

ЗЭРЫЦIЫКIУРЭ сурэт щIыным дихьэх щIалэм шэч къызытумыхьэжыну зэчий зэрыбгъэдэлъыр, и зэфIэкIым хуэпэжу, махуэ къэс хигъахъуэу зэрыбгъэдэтыр абы и егъэджакIуэхэми къыхагъэщ. Езыр къыщалъхуа щIыналъэм, республикэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщызэрагъэпэщ гъэлъэгъуэныгъэхэм ар мызэ-мытIэу хэтащ, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыхэжанык Iащ. Ткаченкэ Андрей и фэеплъу Кавказ Ищхъэрэм щрагъэкIуэкIа еплIанэ, ебланэ зэпеуэ-гъэлъэгъуэныгъэхэм я япэ саугъэтхэр къихьащ, «Сказки, мифы и легенды народов Кавказа» зэпеуэм, «Пока мы помним - мы живём» художественнэ лэжьыгъэхэм я урысейпсо зэпеуэм, нэгъуэщI куэдми я лауреатщ.

2015 гъэм абы къыхуагъэфэщащ сом мин 30 хъу урысейпсо саугъэт. СурэтыщI ныбжьыщIэм ехъулIэныгъэфIхэр зэриIэм къыпэкIуащ ар.

Мы зэманым Алимбэч зегъэхьэзыр Строганов Сергей и цIэр зэрихьэу Москва къалэ дэт къэрал художественно-промышленнэ академием щрагъэкIуэкIыну VII олимпиадэм хэтыну. А зэпеуэми нэгъуэщI куэдми сурэтыщI ныбжьыщIэм ехъулIэныгъэ щиIэну дохъуэхъу.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**



● КъБР-м и прокуратурэм

# ЗэуIуу кIэлъоплъ

**2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 18-м Карелие Республикэм сабийхэр зэрыщыхэкIуэдам къыхэкIыу, республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ я прокурорхэм къалэн щащIащ ныбжьыщIэхэм зыщагъэпсэху, я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ гъэмахуэ лагерь псоми шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ законодательствэм къигъэувхэр зэрагъэзащIэр къапщытэну.**

АБЫ ИПКЪ иткIэ, дэтхэнэ IуэхущIапIэри хабзэм и пщалъэм къызэритIасэр, инструкторхэм я зэфIэкIыр зыхуэдэр, сабийхэм ядэлэжьэнухэр къызэрыхах щIыкIэр къалъытэнущ. Зыплъыхьакlуэ щашэкIэ, апхуэдэу псы гуэнхэм, гуэлхэм, псыежэххэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм зыщыщагъэпскIкIэ, шынагъуэншагъэм пыщIа хабзэхэр зэрагъэзащIэм ткIийуэ кIэлъыплъынущ.

МЧС-м и щIыналъэ къудамэхэм я IэщIагъэлIхэм ящIыгъуу, зыгъэпсэхупIэ лагерхэм я хэщIапIэхэм щыIэ псэупIэ комплексхэм, нэгъуэщI ухуэныгъэхэм мафIэс шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным, а IуэхущIапIэхэр хъумэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр зэпкърахынущ.

Прокуратурэм и IэнатIэхэм пщэрылъ щащIащ ныбжьыщIэхэм я хуитыныгъэхэр къызэпауд хъужыкъуэмэ, икIэщIыпIэкIэ зэхагъэкIыну, ныкъусаныгъэхэр фIэкIыпIэншэу ирагъэгъэзэкIуэжыну, къуаншэхэр жэуапым ирашэлIэну, хабзэр къызэпызыуд организацэхэм я лэжьыгъэр къызэтрагъэувыIэну.

Прокурор къэпщытэныгъэхэм я япэ Iыхьэр мэкъуауэгъуэм и 27 пщIондэ, етIуанэр - шыщхьэуIум и 10 хъуху екIуэкIынущ.

***КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

● ФIыщIэ

# И гуапагъэр псоми ялъэгъэс

**ЦIыхум и пщIэр къызэрилэжьыр и лэжьыгъэрщ. И IуэхущIафэ дахэхэрщ къыхуэзыхьар Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым и хирургие къудамэм и хирург-неонатолог Къэгъэзэж Жаннэ жылагъуэм щиIэ пщIэр. Зыпэрыт IэнатIэр сытым дежи дэгъуэу езыхьэкI бзылъхугъэр зыхэт гупым, къэзыухъуреихьхэм яхуэгуапэщ, и гулъытэр дэтхэнэми лъегъэс.**



ЖАННЭ и IэщIагъэр гукIи псэкIи къызэрыхихар къегъэлъагъуэ абы лэжьыгъэм хуиIэ бгъэдыхьэкIэм. Сытым дежи нэхъыбэ къызэрищIэным хущIэкъуу, медицинэм къыхихьэ IэмалыщIэхэр и лэжьыгъэм жыджэру къыщигъэсэбэпу апхуэдэщ а бзылъхугъэр.

Балигъым хуэдэкъым сабийр, абы уеIэзэныр куэдкIэ нэхъ гугъущ. Апхуэдэу щытми, а Iуэхум фIы дыдэу йохъулIэ Къэгъэзэжыр. Дэтхэнэ зы сабийми и гум зэрыдыхьэн псалъэ гуапэ къахуегъуэтыф Жаннэ. И нэIэ щIэт псоми яхуэгумащIэщ, зэхуэдэу гуапэу псоми яхущытщ.

Адэ-анэхэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ яхуиIэщ Къэгъэзэж Жаннэ. Дохутырым абыхэм яхилъхьэ фIэщхъуныгъэм и мыхьэнэр нэсу къызыгурыIуэ бзылъхугъэм сымаджэм и Iуэху зыIутыр яжреIэ, адэкIэ зэреIэзэнум и гугъу яхуищIурэ, я Iуэхур тэмэму зэрызэфIэкIынумкIэ гугъэ яретыж. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр и щыхьэтщ Къэгъэзэжыр зи лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъу, зи IэщIагъэм нэсу хэзыщIыкI дохутыр телъыджэу зэрыщытым. ЦIыхухэм зэрахуэупсэ гуапагъэр къыпекIуэкIыжу, фIыгъуэм щымыщIэу гъащIэ дахэ иIэну Жаннэ дохъуэхъу.

**ЧЭРТБИЙ Маринэ.**

## Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 25,** *щэбэт*

♦**УФ-м щагъэлъапIэ ХыдзэлIым и махуэр**
♦**УФ-м и Статистикэ IэнатIэм и лэжьакIуэм и махуэщ**
♦**Словение, Хорватие Республикэхэм я къэралыгъуэхэм я махуэщ.** 1991 гъэм ахэр Югославием къыгуэкIащ.
♦**Славянхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ и махуэщ**
♦**Украинэм и таможеннэ IэнатIэм и махуэщ**
♦**1876 гъэм** Америкэм щыщ бдзэжьеящэ Енсен Альфред дунейм щыяпэу и закъуэу кхъухькIэ Атлантикэ хым зэпрысыкIащ.
♦Театрымрэ киномрэ я актёр, егъэджакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Филозов Альберт** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, Тимирязевым и цIэр зезыхьэ академием и профессор, КъШР-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Агырбэ Юрий** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦Адыгей усакIуэ, журналист **Нэхей Руслан** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
♦Психологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакIуэ **Хъурей Леоренэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, МАИ-м и академик **Къэсей Борис** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Журналист, политикэ щIэныгъэхэм я доктор, «Волгоград-ТРВ» ГТРК-м и унафэщI **КIэрашэ Аслъэнбэч** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
♦Урысей шахматист, дунейм и чемпион, дунейпсо гроссмейстер **Крамник Владимир** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 18 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 26,** *тхьэмахуэ*

♦**Наркоманиемрэ наркотикхэр щэнымрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ**
♦**Залымыгъэ зыкIэлъызэрахьахэм къащхьэщыжыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Беларусь Республикэм и прокуратурэм и лэжьакIуэм и махуэщ**
♦**Азербайджаным IэщэкIэ ЗэщIэузэда и къарухэм я махуэщ**
♦**1920 гъэм** Налшык и Затишье хьэблэм япэ санаторэ къыщызэIуахащ.
♦**1938 гъэм** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэр япэу хахащ.
♦**1940 гъэм**, ЕтIуанэ дунейпсо зауэр зэрекIуэкIыр къилъытэри, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ ищIащ къэралым и цIыхухэр махуэм сыхьэтийкIэ, тхьэмахуэм къриубыдэу махуихкIэ лэжьэн зэрыхуейм, абы нэмыщI, дакъикъэ 21-рэ нэхърэ нэхъыбэкIэ лэжьапIэм къыкIэрыхуар уголовнэ жэуапым зэрырашэлIэнум теухуауэ.
♦**1945 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ къищтащ Совет Союзым и Генералиссимус цIэр гъэувыным теухуауэ. А цIэр зэ закъуэщ зэрыфIащар - 1945 гъэм мэкъуауэгъуэм и 27-м ар хуагъэфэщауэ щытащ Сталин Иосиф.
♦**1945 гъэм** Сан-Францискэ щекIуэкIа конференцым къэрал 50-м я лIыкIуэхэр кърихьэлIэу Iэ щытрадзащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и Уставым.
♦**1954 гъэм** СССР-м и Калужскэ областым хыхьэ Обнинскэ къуажэм дунейм щыяпэу щаутIыпщащ атомкIэ лажьэ электростанц.
♦**1974 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ ищIащ Минск «Къалэ-ЛIыхъужь» цIэр фIэщыным теухуауэ.
♦Режиссёр, КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Абдокъуэ Маталио** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.
♦Совет, урысей къэрал лэжьакIуэ, УФ-м и Компартым и унафэщI **Зюганов Геннадий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.
♦Италием щыщ футболист цIэрыIуэ, къэралым и гуп къыхэхамрэ «Милан» командэмрэ илъэс куэд хъуауэ я капитан **Мальдини Паолэ** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.
♦«Черкес хэку» газетым и лэжьакIуэ **Туаршы Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Багъэтыр Луизэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 28-рэ, жэщым градус 18 – 21-рэ щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 27,** *блыщхьэ*

♦**Бдзэжьей ещэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Тропик мэзхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
♦**УФ-м щагъэлъапIэ КъэхутакIуэмрэ рационализаторымрэ я махуэр**
♦**Урысейм и щIалэгъуалэм я махуэщ**
♦**Осетие Ипщэм и щIалэгъуалэм я махуэщ**
♦**Таджикистаным и лъэпкъыр зэкIужыным и махуэщ**
♦**Узбекистаным щагъэлъапIэ печатымрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмрэ я лэжьакIуэхэм я махуэр**
♦**1709 гъэм** Пётр Езанэм дзэм и советыр зэхуишэсри унафэ ищIащ шведхэм Полтавэ деж лIэнкъэнэну щапэщIэтыну. А зауэм, зэрытщIэщи, урысеидзэр щытекIуащ.
♦**1834 гъэм** Киев университет къыщызэIуахащ.
♦**1865 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщащ гъуэгу зэпыщIэныгъэхэмкIэ министерствэ.
♦**1919 гъэм** Япэ дунейпсо зауэр зэриухамкIэ зэгурыIуэныгъэм Версаль Iэ щытрадзащ.
♦**1979 гъэм** «КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр ягъэуващ.
♦Урысей композитор, продюсер, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Дробыш Виктор** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.
♦Урысей уэрэджыIакIуэ, Тэтэрстаным и цIыхубэ артисткэ, «Евровидение» зэпеуэм етIуанэ увыпIэр къыщызыхьа **Алсу** и ныбжьыр илъэс 33-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 29-рэ, жэщым градус 18 – 22-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ДзыхьмыщI дзыхьщIэгъу умыщI.**

● ДифI догъэлъапIэ

АБЕИКЪУЭ Шухьэиб:

# Хэкури анэри зы къуэпскIэ гум епхащ

*Урысей пащтыхьыгъуэм 1763 - 1864 гъэхэм Кавказым щригъэкIуэкIа зауэ политикэм адыгэхэм къытхуихьащ лъэпсэрыхьэ. Ди лъэпкъым къикIэлъызэрахьа леймрэ залымыгъэмрэ я лъэужьщ адыгэхэм тщыщ куэд нобэ дунейм щызэбгрыдза зэрыхъуар. Лъэпкъ тхыдэм щыщ а напэкIуэцI фIыцIэм куэд-мащIэми щыгъуазэ, Хэкум теуха хъыбархэр я адэхэм, нэхъыжьхэм я нэпсыр къекIуэу зэгуэр къызыжраIэжа щIэблэхэр, шэч хэмылъу, щIохъуэпс адэжь щIыналъэм къагъэзэжыну, абы и щIыгум тету и хьэуа къабзэмкIэ, IэфIымкIэ хуиту бэуэну.*

*Хамэщ1ыр псэупIэ зыхуэхъуа истамбылакIуэхэм къащIэхъуа быныжь а хъуэпсапIэр зи гъащIэ джэлэу псэуахэм икIи ар нахуапIэ зыщIыфахэм (Тхьэм и фIыщIэкIэ) ящыщщ Абеикъуэ Шухьэиб Мэзан и къуэр. Адэжь щIыналъэм къызэригъэзэжрэ илъэс 45-м нэсами, Шухьэиб нобэ хуэнэхъуеиншэщ ди къурш уардэхэм, тафэ хуитыщхуэхэм, псы уэрхэм, лъахэрысхэм - ХЭКУ псалъэм къызэщIиубыдэ псоми. Зи ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 80 ирикъу тхьэмадэм и гур къызэфIонэ, и нэхэм нэпсыр къафIы_ щIокI.*

*Щыпсэуа щIыпIэм елъытауэ ипэрэ иужьу зэщхьэщыха и гъащIэ гъуэгуанэм иридгъэплъэжыну, лъэпкъым и зыужьыныгъэм епха и гупсысэхэмрэ гукъеуэхэмрэ дыщIэдэIумэ тфIэигъуэу, Шухьэиб иджыблагъэ зыхуэдгъэзащ.*


**Абеикъуэ Шухьэиб.** *2016 гъэ Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

**- Шухьэиб, уэ уащыщщ илъэси 150-рэ ипэжкIэ гуэзэвгъуэ къызылъэIэсу бэлыхь куэд зыгъэва ди лъэпкъым къыщIэхъуа щIэблэ минхэм. Зи Хэку къэзыгъэзэжыну лIыгъэ къызыкъуэкIа япэ адыгэхэми уахэтащ уэ. А гупсысэхэм уащыхуэкIуар сыт хуэдэ ныбжьым уиту?**

- Ди лъэпкъ уардэм и щIыфэм уIэгъэ мыкIыжу телъщ илъэсищэкIэ екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэжьым кърикIуа гуэзэвгъуэхэр. ЛIэщIыгъуэ псом щIигъукIэ екIуэкIа лъэпсэрыхым я псэ емыблэжу, щхьэмыгъазэу хэтащ адыгэр, лъэпкъ щхьэхуитыныгъэм щIэбэну. Зауэм и Iэужьу адыгэхэр дунейм щызэбгрыдза, лъэпкъымрэ Хэкумрэ зыриз, зэпэIэщIэ хъуами, ди адэжьхэм лIыгъэ къакъуэкIащ ди лъэпкъ хабзэр, ди адыгэбзэр фIыгъуэ инэу тхуахъумэну, унагъуэм къихъуэ бынхэр абыхэм дыщIапIыкIыну.

Иорданием и къалащхьэ Амман 1936 гъэм сыкъыщалъхуащ сэ. Хамэщ1 дыкъыщалъхуами, дызэрыадыгэр, Къэбэрдейм дызэрыщыщыр тщIэжу дыкъагъэхъуащ нэхъыжьхэм. Зэшыпхъуитхурэ зэкъуэшиплIрэ дыхъурти, ди адэ-анэр ди анэдэлъхубзэмкIэ фIэкIа зэи къыдэпсэлъакъым, лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ ди гъащIэ гъуазэу дыкъагъэтэджащ. Абыхэм дэ щIэмычэу къыдгурагъаIуэрт, хьэрып къэралым дыщыпсэуми, дызэрылъэпкъ щхьэхуэр.

Ерэ фIырэ щызэхагъэкI ныбжьым сызэрит лъандэрэ зы махуи сщIэжыркъым Къэбэрдейм сыкъэкIуэжыну сыщIэмыхъуэпсауэ. Тхьэм и фIыщIэкIэ, ар къызэхъулIащ. Адэжь хэкум сэ сяпэ къэзыгъэзэжаи щыIащ (я ахърэтыр Тхьэм нэху ищI), арщхьэкIэ хамэщI къиIэпхъукIыжауэ Къэбэрдейм иджыпсту щыпсэухэм сэращ я нэхъыжь дыдэр.

**- Фи лъэпкъым и нэхъыжьхэм сытхэр я икIыкIэу ябгынат Хэкур? Адэжь щIыналъэм теухуа хъыбархэм хэт сымэ ущIагъэдэIуа?**

- Си адэ Мэзан хэкужьым хыхьэ Ислъэмей къыщалъхуащ. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и пэщIэдзэ дыдэхэм (нэхъ пасэнкIи хъунущ ар къыщыхъуар) си адэшхуэ Абеикъуэ Мухьэмэдрэ абы и шынэхъыщIэмрэ я унагъуэхэр я гъусэу хэкум икIащ. А лъэхъэнэм зауэр зэрыувыIэри куэд дэкIат, ауэ цIыхур иджыри гуитIщхьитIт, я къэкIуэнумрэ зэрыс хъуа къэралым щызекIуэ хабзэхэмрэ яхуэзэхуэмыгъакIуэу, зэрахьэ диныр зэрахъумэным тегужьеикIарэ къэзызэуа лъэпкъышхуэм и цIыхухэм яIэ фIэщхъуныгъэм залымыгъэкIэ бэр зэщIрагъэщтэным щыщтэу. Нэхъыжьхэм жаIэжу зэрыщытамкIэ, си адэшхуэри абы и къуэшри а щхьэусыгъуэрат хэкум щIикIар. Хьэжыщ1 кIуэ щIыкIэу лъахэр ябгынащ, къызэрамыгъэзэжынур хьэкъыу япхыкIауэ.

Си адэшхуэм и къуиплIыр, си адэшхуэм и къуэшым и зы къуэр, я щхьэгъусэхэр я гъусэу гъуэгу теуват ахэр. Зы илъэскъым икIи илъэситIкъым гъуэгу зэрытетар. Иорданием щынэсар 1905 гъэрщ. Тхьэм и фIыщIэкIэ, хэщIыныгъэ ямыIэу, уеблэмэ гъуэгум иджыри зы щIалэ си адэшхуэм къыхуалъхуауэ псэупIэ яхуэхъуа щIыпIэм нэсащ ахэр. Абы щыгъуэ си адэм и ныбжьыр илъэс 13 - 15-хэм нэсат.

Апхуэдэу адэжь хэкур IэщIыб ящIащ Абеикъуэ зэкъуэшитIым. Тыркум ди деж щригъэкIуэкIа политикэм къытхуихьащ ар. А къэралыр бгырысхэм къыщIытхуейр гъащIэ дахэ, тынш къытпагъаплъэу, фIыуэ дыкъалъагъуу аратэкъым, атIэ хахуагъэшхуэрэ лIыгъэ инкIэ зи цIэр Iуа адыгэ щIалэхэр къагъэсэбэпурэ Балкан хытIыгуныкъуэм хиубыдэ къэралхэр лъэгущIэт ищIыну арат. Бгырысым хэкур нэгъуэщIу пхуегъэбгынэнутэкъыми, диныр зи лъабжьэ пропагандэ ин Кавказым щригъэкIуэкIащ Тыркум, «муслъымэныгъэ щытемыпщэ къэралым фыкъизэуащи, абы и цIыхухэм зэрахьэ диныр залымыгъэкIэ къывагъэщтэнущ, джаур щIыналъэр фымыбгынэмэ, жыхьэнмэ мафIэр къыщыфпоплъэ адрей дунейм» жиIэ щIыкIэу. ЦIыху, унагъуэ куэд текIуэдащ а политикэм къыпкърыкIа Iуэхугъуэхэмрэ гупсысэхэмрэ.

**- Хьэзабрэ бэлыхь куэдкIэ гъэнщIауэ щыта а истамбыл гъуэгужьым ирикIуахэм, шэч хэмылъу, яхэтагъэнкъым адэжь щIыналъэм гур икъузу къыхуемыплъэкIыжа. Уеблэмэ уэ хамэщI ущалъхуами, уи псэр мыбыкIэ къеIэн зэи щигъэтакъым. А гурыщIэр лъым хэт адэ щIэину къыпхуэнауэ къыщIэкIынт, Шухьэиб...**

- ЩхьэщытхъугъЭ хъунуми сщIэркъым, атIэми сэ къысщохъу адыгэпсэмрэ адыгэгумрэ адрейхэм емыщхьу: ахэр сытым дежи хуопабгъэ щалъхуа хэкум, и анэдэлъхубзэр щыхуит, и лъэпкъыр щыпсэу щIыналъэм. Аращ и купщIэр «хэкупсэ» псалъэми. Хэкури псэри зы чысэм илъщ, хэкури укъээзылъхуа анэри а зы къуэпсымкIэщ адыгэгум зэрыпыщIар. Абыхэм зэхэдз лъэпкъ яIэкъым.

Хэкужьым Iуэхур щызэтеуIэфIэжа хъумэ, къагъэзэжыну я мурадат куэдым, дауи. АрщхьэкIэ абы ежьэу зыри щысакъым: псэун, шхэн, быныр пIын хуейтэкъэ? А хъуэпсапIэр гу лъащIэм щагъафIэ зэпытурэ, ар щIэблэм щIэин нэхъыщхьэу къыхуагъанэурэ, илъэсхэр кIуащ. Си адэшхуэ Абеикъуэ Мухьэмэд и унагъуэри аращ. Быныр ипIащ, хэхэс гъащIэм хигъэуващ, ауэ зэи ящигъэгъупщакъым хы адрыщIымкIэ Хэкурэ лъэпкърэ зэрыщаIэр. Апхуэдэу дэри дыкъигъэхъуащ ди адэм. Быних дапIащ ди адэанэм: Шэрифэ, Шэхьирэ, Iэдиб, Шыхьбан, Шухьэиб, Башир. Ахэращ адэжь лъахэм и хъыбархэр къысхуэзыIуэтэжари.

Хуэмейуэ ирашат а тхьэмыщкIэр. Унагъуэм зызэщIакъуауэ, я шыгу-выгури зэщIэщIауэ ежьэнрэ пэт, Мэзан уэбзэх-щIыбзэх хъуащ. Ар къалъыхъуауэ щытащ зы жэщ-зы махуэкIэ. КъызэрыщIэкIамкIэ, щIалэ цIыкIур и анэшым, Дыгулъыбгъуей къуажэм Абазэхэ, кIуэсауэ абы зыщигъэпщкIурт. Абыхэ къуэ яIэтэкъыми, я пхъум и щIалэхэм ящыщ зы къагъэнэну я мурадат, арщхьэкIэ ди адэшхуэм ар идакъым. Сэ сызэрыщыгъуазэмкIэ, а зы адэ-анэм къалъхуахэм ящыщу Мэзант КъэбэрдеймкIэ зи псэр къыхуэпабгъэр. Абы быни 6 дриIати, псори дыщIипIыкIащ хэку лъагъуныгъэм, абы нэхърэ нэхъ къару лъэщ псэм зэрыхэмылъым.

Адэжь хэкум теухуауэ ищIэж псори къигубзыгъыжурэ къыджиIэжырт адэм. Сэри сигури си псэри етауэ сыхущIэкъурт апхуэдэ хъыбар нэхъыбэIуэ абы къызэрыпкърысхыным. Езыми ар и гуапащэ хъурти, зэман хэхаи имыIэу игу къыщыдридзей дакъикъэм иублэрт и хъыбархэр. И ныбжьым теухуауэ куэд имылъэгъуами, щIалэ цIыкIуу хэкур зрагъэбгына Мэзан и гукъэкIыжхэр мащIэтэкъым. Ар тепсэлъыхьырт Бахъсэн аузыр гъунапкъэншэу къызэрыпщыхъум, щIымахуэм ар щыщтым деж, абы зэныбжьэгъухэм чын къыщрахуэкIыу зэрыщытам, адэкIэ-мыдэкIэ къыщыкI щхъуантIагъэм хуэдэ адэжь хэкум фIэкIа нэгъуэщI щIыпIэ зэрыщымыIэм, и цIыхухэм хуэдэ зэрыгъуэтыгъуейм... Апхуэдэхэм деж сэ къысщыхъурт зэи сымылъэгъуа псыхъуэшхуэм мывэ абрагъуэхэм сателъэ-сатепкIэу къыщызжыхьу, сыщIэхъуэпсырт, си адэм хуэдэу, сэри мыл гущIыIум чыныр вууэ къыщесхуэкIыну, мэракIуащхьэм сытесу ихъуреягъыр къэсплъыхьу, къудамэхэр си хъыринэу сыфIэлъыну... КъысфIэщIырт си адэм зи гугъу къысхуищI Iуащхьэмахуэ къыщIэж псынэ щIыIэр зэнзэныпсу си джийм ежэхыу, акъужь къабзэмкIэ тхьэмбылым щызу сыбауэу... Си щхьэм гупсысэрэ хъуэпсапIэу щызэблэжым щIэи гъуни яIэтэкъым. Абдеж си гум къыщыушыпащ Хэкум Iэмал имыIэу къэзгъэзэн мурадыр. Иджы сызэрыадыгэр сщIэ къудей мыхъуу, ар си гумрэ си псэмрэ, си IэпкълъэпкъымрыIэ и лъынтхуэ псоми щыгъэбыдауэ хэлъ лъы налъэт си дежкIэ. А псоми къадэкIуэу гушхуэныгъэ ин къысхилъхьэрт спкърылъ хэкупсэ гурыщIэ лъэщым.

Ди адэр езыри апхуэдизкIэ щIэхъуэпсырт хэкум къигъэзэжынуи, «лъэс мыгъуэми, сыкIуэжынт», жиIэрт. Абы зэи къызжиIакъым хэкум гъэзэж жиIэу. Ар щыгъуазэтэкъым абы щекIуэкI Iуэхугъуэхэм, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, щыщтэу къыщIэкIынут абы щытепщэу жыхуаIэ Iиманыншагъэм. ИтIани, Къэбэрдейм щытепсэлъыхькIэ, абы и нэгум ислъагъуэрт зэи зылъэмыIэсыжыну фIыгъуэшхуэ гуэрым пэIэщIэ зэрыхъуам къытригъэуа мыхъур хьэлъэм и лъэужьыр. Сэ сыкъэкIуэжыну сызэрыхуейр нахуэу къыздимыIыгъми, шэч хэлътэкъым: ар щэхуу абы иригуфIэрт, иригушхуэрт. Хэт ищIэрэ, «силъ зыщIэт гуэр адэжь щIыналъэм щеувэхми, ари куэд и уасэщ си дежкIэ», жиIэу пIэрэт?..

А псоми нэхъ быдэж ящIащ си хъуэпсапIэр. Ди адэшхуэанэшхуэр, си адэр дунейм ехыжа нэужь, сэ си гугъащ ди анэр къыздэсщтэу хэкужьым сыкъэкIуэжыну. Ар Насыпхэ япхъут. И цIэр Муслъиметт. ЛъэпкъкIэ ахэр Анзорей щыщт. Си ныбжьыр нэсами (илъэс 30-м сынэблэгъат), унагъуэ сухуэнуи сыхущIэкъуртэкъым: сыхуейт гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ а Iуэхугъуэр си лъахэм сису, си лъэпкъым сахэсу къесхьэжьэну.

Хэкум сыкъызэрыкIуэжын Iэмалхэр къэзугъуейуэрэ хэнейрэ яужь сихьащ а Iуэхум - къызэхъулIэртэкъым. Ауэрэ си анэр нэхъ сымаджэ къэхъуащ икIи къызэлъэIуащ езыр псэу щIыкIэ щхьэгъусэ зэзгъэгъуэтыну. А тхьэмыщкIэм и лъэIур згъэзэщIащ. Ар зригъэлъагъуу и псэр тыншыжыным ежьэ хуэдэ, мазищ къудейщ ар абы и ужькIэ зэрысхуэпсэужар...

**- Апхуэдизрэ зяужь уита Iуэхугъуэр дауэ къохъулIа-тIэ? Хэт сэбэп къыпхуэхъуар?**

- Курыт школыр къэзуха нэужь, электроникэмрэ электротехникэмрэ сыхуеджащ сэ. Политикэ Iуэхуми сыдихьэхащ. Коммунистхэр фIыуэ слъагъуу, а партым хэтхэм я Iуэху еплъыкIэхэр сфIэтэмэму щытти, Иорданием щызэхэт а партым сыхыхьауэ щытащ. Ар нахуэу лэжьэну хуиттэкъыми, гъэпщкIуауэт Iуэхухэр зэрызэфIахыр. СССР-м а лъэхъэнэм коммунистхэм я тетыгъуэ дахэти, абы нрахауэ парт литературэ гуэрхэр къытIэрыхьэмэ, щэхуу зэIэпытхыурэ щIэдджыкIырт. Совет Союзым, псом хуэмыдэу Кавказым никIыу зыгуэр Иорданием нэкIуамэ, абы нэхърэ нэхъ хьэщIэ лъапIэ ди щIыгум нимыхьауэ къытщыхъурт. Хэхэс гъащIэр зи натIэ хъуа адыгэхэм гугъапIэуи хъуэпсапIэуи дапщэщи яIэр хэкурысхэращ. Дэри арат. «ХэкужьымкIэ къикIащ ар», - зыхужаIэм абы щыщ Iыхьэ гуэр къытхуихьа фIэкIа умыщIэну, дигури ди псэри къыхуэзэIутхырт.

1972 гъэм и бжьыхьэр екIуэкIырт. СССР-м никIа гупышхуэм яхэту Иорданием нэкIуат хэкупсэ нэс, жэнэтыр дунейкIэ къэзылэжьа ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. ХьэщIэхэр едгъэблэгъат Иорданием щызэхэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэм. Iуэхур хъунумэ, аракъэ... Сэ сыпэрытIысхьа хъуащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ СССР-м и къэрал консулу Иордание пащтыхьыгъуэм а лъэхъэнэм щыIамрэ зыпэрыс Iэнэм. Хэкум ехьэлIауэ сиIэ гурылъхэмрэ гукъеуэхэмрэ си нэгум къиищ къыщIэкIынти, «Фи Iуэхухэр дауэ щыт?» - жиIэу Мухьэмэд къызэрызэупщIу, жесIащ си адэжьхэм я лъахэм згъэзэжыну илъэси 6 лъандэрэ яужь сызэритыр икIи ар къызэрызэмыхъулIэр, щхьэусыгъуэ хэхаи къызжамыIэу. Си тхьэусыхафэр къыбгъэдэс лIыкIуэм жриIэжащ ХьэфIыцIэм икIи елъэIуащ хузэфIэкIымкIэ ар къыздэIэпыкъуну. Консулым абдеж сыкъыщигъэгугъащ мазищым къриубыдэу жэуап къысIэригъэхьэну: хуит сыкъащIми е лъэпощхьэпо щыIэми щхьэусыгъуэр къызжиIэну.

А мазэхэр сэ зэрызгъэкIуар зыщIэр Тхьэшхуэм и закъуэщ. Зи псэр дзапэкIэ зыIыгъым сыхуэдэт. Хъыбарым сежьэрти, си гур тепыIэртэкъым...

Абы сыщраджа махуэр зэи сщыгъупщэжынукъым. Консулым и деж пщэдджыжьым сыкIуэн хуейуэ пщыхьэщхьэм хъыбар къысIэрыхьат. А жэщым сыту куэд зэзгъэзэхуат сэ. Уо-о-о! Си гъащIэр адэкIэ зэрыхъунур щызэхэкIыну махуэр къэсат: е си хъуэпсапIэм сылъэIэсынурэ дунейкIэ жэнэтым сыкъыщыхутэнут, е гъащIэр схуэзыгъэнэхуу си гум къридз хъуаскIэ закъуэр уфIынкIынут...

Нэху схуэмыгъэщу сыIухьащ консульствэм и бжэIупэм. Куэд дэмыкIыуи сыIуагъэщIащ сызыхуэкIуа къулыкъущIэм. Абы и нэгум кърих нурымкIэ сэ занщIэу къызгурыIуат си Iуэхур фIы гуэр зэрыхъуар, арщхьэкIэ си гур темыпыIэу бгъэгум икIэзызыхьырт. «Абеикъуэ Шухьэиб Мэзан и къуэ. Нобэ къыщыщIэдзауэ хуитыныгъэ уиIэщ СССР-м ухуеймэ ущыпсэуну, ухуейми пIалъэ гуэркIэ ущыIэу Иорданием къэбгъэзэжыну», - къызжиIащ абы тхылъ гуэрхэр къысхуиширири.

Уо-о-о! Сыт хуэдизрэ сежьат сэ а псалъэхэм! Си нэр нэпс шыугъэхэм ягъаплъэртэкъыми, слъагъу щыIэтэкъым, ауэ си тхьэкIумэм зыхахат куэд лъандэрэ сызэжьэу си гущIэм щызэгъэфIа псалъэ IэфIыщэхэр! Сэ нэхърэ нэхъ насыпыфIэ дунейм темыту, си адэ-анэр къэтэджыжауэ къысщыхъуат а дакъикъэм!

**- Къоджаи къожьи щымыIэу, къыщыппэплъэри умыщIэу, жэуаплыныгъэ щIэпхь унагъуэри пкIэрыщIауэ адэжь щIыналъэм къытебдзэу укъэкIуэжыныр дзыхьщIыгъуэджэтэкъэ-тIэ, Шухьэиб? Дауэ къыппежьа хэкужьыр, абы и цIыхухэр?**

- Дауи, гугъуехьи лъэпощхьэпо куэди цIыхур хуозэ къэрал дэнэ къэна, фэтэр, лэжьапIэ IэнатIэ щихъуэжкIэ. Абыхэм ящыщ зыгуэри си дежкIэ гугъуехьтэкъым. Нэхъыщхьэр - си Хэку сыщыпсэуну хуитыныгъэ зэрызиIэрт, си адэми, сэри, дэ тхуэдэ хэхэс минхэми диIа хъуэпсапIэр нахуапIэ зэрысхуэхъурт.

Консулым мазитI хуэдизкIэ хьэзыр сыхъуну жесIами, си щIыбагъ къыдэлъ Iуэху псори мазэм къриубыдэу зэIубз сщIащ. А лъэхъэнэм сэ згъэлажьэрт электроникэ, электротехникэ хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр щащэ тыкуэн. Ди Iуэхур хъарзынэу зэтеувати, щэхуакIуэхэр ди куэдт. Ахъшэ хьэзыр зи мащIэ щэхуакIуэхэм кредиту естырт хьэпшыпхэр. КъыслъыкъуэкIа Iуэхум ипкъ иткIэ, щIыхуэ зытелъхэм захуэзгъэзащ икIи процентхэри яхуэзгъэгъуурэ ахъшэ къызэзытыжыфхэм къызатыжащ, сыкъамыгъэщIэхъуу.

А щIымахуэр мыбыкIэ щыткIийт абы щыгъуэ. ЩIыIэр градус 30-м нэсырт. Сызэрежьэжынум и хъыбар зыхэзыххэм «гъатхэм укIуэжынщ, мы уаем хыумышэ абы емыса сабийри балигъри», жаIэрт, ауэ гъэм и зы зэман дэнэ къэна, зы махуэ лейуэ хамэщI сызэрисыфын щыIэтэкъым, адэжь лъахэм сыкъэкIуэжыну Iэмал къыкъуэкIауэ. Си Къэбэрдейм и щIыIэри и хуабэри, и гъурри и щабэри - псори сысейт сэри, гуэхыпIэ имыIэу...

«Сежьэжыну сыхьэзырщ», - жысIэу консулым деж сыщыкIуэм, Тхьэм и фIыщIэкIэ, абы къызжиIащ кхъухьлъатэм езым и щхьэкIэ сызэрыригъэтIысхьэжынур. Апхуэдэуи ищIащ: Иорданием и паспортымкIэ кхъухьлъатэм дыкъригъэтIысхьэжщ, езыри трапым къыткIэлъыдэкIуейри СССР-м дызэрихьэжыну тхылъхэр къыдитыжащ щыми: сэри, си щхьэгъусэми, илъэси 3 зи ныбжь ди хъыджэбз цIыкIу Тамарэ сымэ.

Кхъухьлъатэм уафэгум зырызыщиIэтым къыдэкIуэу, сигури хэхъуэу къысщыхъурт, си бгъэчым имыхуэжу. Сэр нэхъ насыпыфIэ уафэмрэ щIылъэмрэ яку къызэрыщамылъхуами шэч лъэпкъ хэлътэкъым!

Ереван деж дыкъыщетIысэхри, адэкIэ Минводы дыкъэсыжащ. Сэ сяпэ иту къэкIуэжахэм яхэтт си ныбжьэгъуи, абы дыкъригъэблэгъэжащ, Ислъэмей дэса ди нэхъыжьым и дежи дыкъишэжащ. ИужькIэ республикэм и унафэщIхэр къызэупщIат дэнэ жылэ сыщыпсэуну нэхъ къасщтэми, сыт хуэдэ IэнатIэ къысхуалъыхъуэну сыхуейми. «Уэсрэ уэшхрэ къыщыттемышхэнрэ быным езгъэшхын щIакхъуэ Iыхьэ къыщызлэжьыфын IэнатIэрэ сиIэмэ, нэгъуэщI зыри сыхуейкъым», - арат си жэуапыр. Си дежкIэ куэд и уасэт адыгэщIым сытету, абы и хьэуамкIэ сыбауэу, си лъэпкъым сахэту, адыгэбзэр зэхэсхыу сыпсэуныр.

Тхьэм и фIыщIэкIэ, лэжьапIэ IэнатIи къысхуагъэуэтащ, псэупIэ уни къыдататащ. Ахэри иужькIэ едгъэфIэкIуащ. СощIэж: ХьэфIыцIэ Мухьэмэд дзэм къулыкъу щищIэу, лъагъунлъагъу къэкIуэжати, я деж мыкIуэжу си унэм къеблэгъауэ щытащ. Абы и фIыгъэкIэ аргуэру ди Iуэхур ефIэкIуауэ щытащ. Ди псэупIэри нэхъыфI хъуат, Бахъсэн дэта Лимб заводми IэнатIэщIэ къыщысхуагъуэтауэ щытащ. Абы сыщылэжьащ илъэс куэдкIэ. ИужькIэ пенсэ сыкIуащ.

Хъарзынэу сопсэу. ХъыджэбзитI къытщIэхъуащ унагъуэм: Тамарэрэ Муслъимэтрэ (си анэм и фэеплъу фIэсщащ). Абыхэм я щIэбли, Тхьэм и фIыщIэкIэ, тлъэгъуащ.

**- Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ гъэнщIа гъащIэ гъуэгуанэ зэпыпчащ, Шухьэиб. Уи илъэс 80-м уриплъэжмэ, сытыт абы нэхъыщхьэ дыдэу хэлъауэ, и купщIэу щытауэ къэплъытэр?**

- ЩIалэгъуэ ныбжьым сызэрит лъандэрэ зихъуэжакъым абыкIэ сиIа еплъыкIэм: Хэку уиIэнырщ гъащIэм щынэхъыщхьэ дыдэр! Сабийр зеиншэкъым, адэ имыIэжми. Абы зеиншафэ къыщытеуэр и анэр къыщыщхьэщымытыжым дежщ. Хэкури анэри зыщ цIыхум и дежкIэ. Уи анэм и куэщI щабэ уису уэзрипIым хуэдэ дыдэу, IэфIщ уи адэжь лъахэ ущыпсэунри. Балигъ ухъуа нэужь, укъэзылъхуа уи анэм узэрыхуэсакъым хуэдэу, укъыщхьэщыжыфын хуейщ уи Хэкуми. Узыхуей гуэр нобэ зэрумыгъуэтым щхьэкIэ Хэкур бгъэпудыну зыми хуит укъищIакъым. Нэхъыщхьэр лъэпкъ, къупщхьэ уиIэу, уи бзэ, уи хабзэ, уи нэмыс пIыгъыжу дунейм утетынырщ. «Мылъкур уэсэпсщ», - жиIащ пасэрейм. Абы гъащIэр тепщIыхь хъунукъым.

ЖыпIэнурамэ, сынасыпыфIэщ нобэ. Си хэку згъуэтыжащ, си анэдэлъхубзэмкIэ хуиту сопсалъэ, си щIэблэми Iэмал естыфащ адэжь хэкукIэ гуныкъуэгъуэ ямыIэу, я щхьэр лъагэу Iэтауэ, хамэм зыхуамыгъэщхъыу псэуну. Сэ си ныбжьыр здынэсам, нобэ срикъуакъым ди лъахэм сызэрыщыпсэуамкIэ, абы щыслъагъу псори: цIыхухэри, щIыуэпсри, ди уафэри, ди щIылъэри - нобэ япэу слъагъум хуэдэу си псэм къыщохъу. Адыгэм и дежкIэ ахэр фIыгъуэ мылъытэщ!

**- Упсэу, Шухьэиб. Уи быным куэдрэ Тхьэм уащхьэщигъэт! Адэжь хэкум Тхьэм гу щыуигъахуэ.**

*Епсэлъар*
**ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**


**Шухьэиб и къуэшым ипхъу Селинэрэ абы и щхьэгъусэ Нэхущ Ахьмэдрэ.** *2014 гъэ*


**Муслъимэт и пхъурылъху Айдэмыр.**


**Шухьэибрэ и къуэш нэхъыжьым ипхъу Марлинрэ.**


**Ипхъу Муслъимэтрэ Шухьэиб и пхъурылъхухэу Амирэрэ Динэрэ.** *2015 гъэ*


**Абеикъуэ зэшхэр. Шухьэибрэ Баширрэ.** *2016 гъэ*


**Шухьэибрэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ «Сосрыкъуэ» шхапIэм щагъэхьэщIэ Ковалёв Владимир, Пащты Герман** *(Краснояркс)*, **Шыгъэлыгъуэ Мажид** *(Тыркум)* **сымэ.** *1983 гъэ*


**Ипхъу Тамарэ.**


**И пхъурылъхухэр.**

## Хэкупсэ нэс

**Абеикъуэ Шухьэиб сэ щысцIыхуар япэ дыдэу ди Хэкужьым дыкъыщыкIуа 1978 гъэр аращ. Ар зи фIыщIэр си къуэш нэхъыжь лъапIэу Хъуажь Мухьэмэд-Хъер тхьэмыщкIэрт. Шухьэиб дэрэ ди гупсысэхэри, ди дуней еплъыкIэри, ди Хэку зыхэщIэри хуабжьу зэтохуэ.**

ХЭХЭС адыгэр хэкум къэкIуэжын-къэшэжын Iуэхум и япэ лъагъуэхэш адыгэ хэкупсэ нэсхэм ящыщщ Абеикъуэ Шухьэиб. «Хэкум зыгуэр къысхуищIэнщ» жиIэу, абы щыгугъыу къэкIуэжакъым ар. «Си адэжь щIыналъэщи, адыгэр дыкъызэрыхъухьа ди щIыпIэжьщи, Iэмал иIэу щытмэ, дыкIуэжынщ, дыщыпсэунщ, зэрытхузэфIэкIкIэ зэрыздегъэужьыным иужь дитынщ», - жыхуиIэ апхуэдэ гупсысэ иIэу аращ. Иорданиеми и Iуэху щыдэкIырт, езым и уней Iуэху хъарзыни щиIэт, тэмэму зиужьу. Апхуэдэу щыт пэтми, Шухьэиб и псэр хамэщIым щытыншакъым. Абы дапщэщи къилъыхъуэрт и Хэкужьым къызэрекIуэлIэжын Iэмалхэр, мыбы щыпсэун зэрыхуейри псэкIэ зыхищIэрт.

Адэжь лъахэм къэкIуэжу Бахъсэн дэтIысхьэжа нэужь, къызыхыхьэжахэми хъарзынэу яхэзэгъэжащ ар.

Адыгэ лъэпкъ гупсысэ куу зиIэ си ныбжьэгъушхуэм сохъуэхъу и илъэс 80-мкIэ. Тхьэм узыншэу куэдрэ утхуигъэпсэу. ХэкущIым зи псэр къизыхьэжа Абеикъуэ Шухьэиб, АфIэунэ Абдул, Тхьэбысым Сэмихь, Хъуажь Мухьэмэд-Хъер, Кхъуэжь Яшар, Нартокъуэ Инал хуэдэхэм хаша лъагъуэр гъуэгубгъуэ хъунуи Тхьэшхуэм солъэIу.

**ХЪУАЖЬ Фахъри,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель.*




● Псалъэжьхэр

## Пхъурылъхурэ къанрэ зэхуэдэщ

♦Зэгурыlуэр щынафэм щlегъанэри, зэгурымыlуэр выфэми щlигъанэркъым.
♦Зэдэшхэ lэфlщи, зэдэфl унэщ.
♦Зэкъуэш псори зы анэм къилъхуркъым.
♦Къуэш зимыlэм башым lэплlэ ирешэкl.
♦Лlакъуэр зыщыбэм бынир щыхейщ.
♦Лlы гурымыкъыр фыз гъагъщи, лlым и гъыринэр гуемыlущ.
♦Махуаем бгъуэтыжыр ныбжьэгъущи, уи хьэмтетыгъуэм бгъуэтыр уи шхэгъущ.
♦Ныбжьэгъужьрэ дыжьыныжь пщэжарэ.
♦Ныбжьэгъуншэр зеиншэ пэлъытэщ.
♦Пхъурылъхурэ къанрэ зэхуэдэщ.
♦Пцlырыпыхьэ щlэинхьыжщ.
♦Пщащэ дахэ лlыгъапцlэщ.
♦Узэлъэlу къэгъани, къолъэlу къашэ.
♦Фlыуэ слъагъум хуэзмыщlэнур сремыlэ.
♦Узэрымылъагъуу lэфl щыlэкъым.
♦Уи анэрэ уи нитlрэ.
♦Уи благъэ и унащхьэ плъагъуу ублэмыкl.
♦Фlыуэ плъагъум зыкъебгъэщlэнумэ, и цlэр куэдрэ жыlэ.

● Теплъэгъуэ



Налшык къалэ дэт сабий сад №7-м и гъэсэн цlыкlу Къуэжей Дианэ lущыцэщ. Ар къафэм, уэрэд жыlэным дехьэхри, хэт ищlэрэ, lэщlагъэ хуэхъунри хэлъщ.

● Шхыныгъуэхэр

### ТебэкIэ гъэжьа бжэныл гъэгъупцIа

Бжэныл гъэгъупцlар яупщlатэ е джыдэкlэ зэпауд, lыхьэм и хьэлъагъыр г 80 - 100 хъууэ, псы хуабэкlэ ятхьэщlри, тебэм иралъхьэ, псы щlыlэ щlакlэри тебащхьэр тепlауэ пэшхьэкум трагъэувэ. Мафlэ щабэм тету, тхъурымбэр къытрахыурэ ягъавэ, псыр щlэвэщlэху икlи дагъэр къыщlидзыху. Итlанэ зэlащlэурэ тхъуэплъ дахэ хъухукlэ ягъажьэ а дагъэ къыщlидзамкlэ, мафlэр ирашэхри бжьыныщхьэ укъэбза упщlэтар халъхьэ. Псори зэlащlэурэ дакъикъи 3 - 4 хуэдизкlэ ягъажьэ, шыбжий сыр хьэжа траудэри зэlащlэурэ зы дакъикъэ-дакъикъитlкlэ ягъажьэ. lэнэм тепщэчкlэ трагъэувэ, щыжьэм къыщlэжа дагъэри тракlэж. Пщтыру, пlастэ хуабэ и гъусэу яшх, шэ хуабэ трафыхьыж.

**Халъхьэхэр**
*(зы цlыху lыхьэ):*
бжэныл гъэгъупцlауэ - г 300;
псы щlыlэу - г 100;
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50;
шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

● ● ● ●

### Къэб гъэва зыхэлъ тхъурыжь

Ар дахэ, lэфl мэхъу, витамин А-кlэ къулейщ, шхыгъуафlэщ. Джэдыкlэ цlынэм фошыгъу щабэ, содэ халъхьэ, фlыуэ яудэри абы къэб пlастэ, тхъуцlынэ гъэткlуа халъхьэ, зэlащlэ, гуэдз хьэжыгъэм и кум иракlэри быдэ хъуху япщ. Содэ куэдыlуэ халъхьэмэ, тхъурыжьыр къочэри абы хуэсакъыпхъэщ. lэнэм хьэжыгъэ трагъэщащэри, тхьэвыр щамыгъэлъу хупхъэкlэ яху мм 1 - 1,5-рэ и lувагъыу, хуэплlимэ щlыкlэу. И бгъуагъыр см 3 - 4, и кlыхьагъыр см 120-рэ хъууэ зэпаупщl, бэлагъым кърашэкlри и кlапитlыр зэтрагъэапщlэ, градуси 160 - 180-рэ хъууэ къэплъа тхъум е дагъэм халъхьэри, бэлагъыр ягъазэурэ тхъуэплъ, гъуэжьыфэ хъуху ягъажьэ. Вазэм иралъхьэри lэнэм трагъэувэ. Щlыlэуи хуабэуи яшх.

**Халъхьэхэр**:
гуэдз хьэжыгъэу - г 400;
джэдыкlэу - 3;
фошыгъуу - г 50;
содэу - 1 грамм;
къэб пlастэу - г 100;
тхъуцlынэу - г 30;
шыгъуу, зэрагъэжьэн тхъуэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Хъуэхъухэр



***Шэджэм районым хыхьэ Лашынкъей къуажэм щыпсэу Къуэныкъуей Астемыр цlыкlу нобэ илъэс ирокъу, и шыпхъу Альбинэ дыгъуасэ, мэкъуауэгъуэм и 24-м, илъэситl ирикъуащи, дохъуэхъу***

Гухэхъуэрэ дэрэжэгъуэрэ къыдэзыт ди пщащэ гуащэм, ди щlалэ гъэфlэным фи lэфlыгъуэщи, сабиигъуэ дахэ фиlэну, псынэпсу фи псэр къабзэу, фи къэкlуэнур екlуу, нэмысымрэ хабзэмрэ фи гъуазэу балигъ гъащlэм лъэ быдэкlэ фыхэувэну, насыпыр, акъылыр, мылъкур фи гъащlэ гъусэу дуней щlэращlэм гу щыфхуэну дыфхуохъуахъуэри, Тхьэшхуэм къыфхузэпищэ!

***Фи анэшхуэ Лалусэ, папэ Мухьэмэд, мамэ Тамарэ.***

● Дэ къытхуатх

## Уафэм къехуэха щыгъэ закъуэ

Унагъуэм сабий къахэхъуат. Пщащэ цlыкlу. Нэкlу хъурей хужь цlыкlут. Щхьэц фlыцlабзэт. Нэ хъурей пlащэт, удзыфафэ щlэлъадэу. Удимыхьэхынкlэ lэмал иlэтэкъым. «Пу мэшалыхь» жумыlэу уеплъыфыртэкъым. Иджы ахэр зэкъуэшитlрэ зэшыпхъуиплlрэ хъухэрт.

А цlыкlур сабий кlасэт. Адэм адрей сабий нэхъыжьхэр и куэщl, и анэм илъагъуу, зэи иригъэтlысхьатэкъым. Ауэ псоми къалъагъуми къыфlэмыlуэхуу, мы цlыкlур абы игъэджэгурт, и куэщl иригъэтlысхьэрт, дридзейрт, къиубыдыжырт. Апщlондэхукlи зэрылъэлъу дыхьэшх сабийм адэр и нэ щхъуэпсхэмкlэ еубзэрабзэрт.

А пщащэм адэм и мызакъуэу, куэд щыгуфlыкlат. Хьэблэри, lыхьлы-благъэри. Гъунэгъу фызым благъэми lыхьлыми ялъимыгъэсу цlэ фlэзыщын хуейр езырауэ къилъытати, анэшхуэми адэ-анэми «хьэуэ» къыхагъэкlатэкъым. Къурlэныр зыlэщlэлъ фызым кърилуа цlэр унагъуэм исхэм къабыл ящlащ. Цlэфlэщ джанэри зыщигъэгъупщакъым.

Адэми, анэшхуэми, и къуэш-и шыпхъухэми, хьэблэми пщащэ цlыкlур кърахьэкlырти, анэм къыщылъысыжыр быдз щригъэфэнум дежт. Абы щхьэкlэ анэм зыри жиlэртэкъым. Жиlэнури сытыт?!

А пщащэ цlыкlум и дэлъхухэм е и шыпхъухэм ящыщу дыгъуасэ гущэм хэзыпхар, нобэ къыбгъэдагъэхьэжынутэкъым. Чэзур нэгъуэщlым лъысын хуейт. Зэкъуэшитlым я нэхъыщlэм нэху зэрыщу: «Мы фейцейр сэ нобэ хэспхэ хъуну?» - жиlэу пщэдджыжь къэс щlэупщlэми, дзыхь къыхуащlыртэкъым.

Гъуэгур я зэхуакуу къапэщыс унагъуэм я лlыр лэжьакlуэ къыщикlыжкlэ, накlуэпакlуэу дыхьэрти, сабийр я деж къихьырт. «Хьэуэ, уэдгъэхьынукъым, - жаlэу унагъуэм исхэм я бзэгупэ игъащlэкlэ къыпыхунутэкъым. И lэблэм тес сабийр къыщыгуфlыкlыу, абы щыгъуэми лlы накъэпакъэшхуэм и нэкlу lув пхъашэм lэпэ щабэ цlыкlухэмкlэ щепэщэщкlэ, лlыр гуфlэрт.

Ауэ анэшхуэр... Зыми и пщlыхьэпlэ къыхэхуатэкъым мамэ (арат анэшхуэм къуэрылъхухэр зэреджэр) а хъыджэбз цlыкlум апхуэдизу щыгуфlыкlыну. Зауэри гъаблэри зыгъэва, зи щхьэгъусэр хъыбарыншэу зауэм хэкlуэда фызыжьыр нысэм хуэтэмакъкlэщlт. «Сэ къуэщ, тlасэ, сызыхуейр», - жриlэххэурэ, и нысэр аргуэру зы пщащэ цlыкlукlэ къыхуэупсат.

Ауэ а кlэсыж цlыкlур lыхьэлейм икlауэ абы фlыщэу зэрилъагъур зэрыжиlэн псалъэхэр хузэгъэпэщыртэкъым. Къыгуэудауи щытелъэщlаи щыlэу псалъэ анэшхуэм и къуэ закъуэ lупскlэ ипlам и кlэсыж пщащэ цlыкlум сыт щыгъуи жриlэр зыт: «Уафэм къехуэха щыгъэ закъуэ»...

**МЭЛЕЙ Фатlимэ.**

● ЦIыкIухэм факъыхуеджэ

## ГугъапIэ

Дерсыр сщlыжу сыздэщысым, lэуэлъауэ гуэр зэхызох. Сысакъыпэурэ сызэплъэкlмэ, и нэ хъурей цlыкlуитlыр къиуцlыщхъукlыу, дурэшым дэсщ зы дзыгъуэ цlыкlу, сэхуран еlункlри.

Ар зэрыслъагъуу, си гум, къилъэтыным хуэдэу, къеуэу щlедзэ. Хуэм дыдэурэ зыкъэсlэтщ, бжэр ездзылlэри, блыным сыкlэрыувэжащ.

Дзыгъуэми зищтэри бжэмкlэ къыщlэпхъуащ, ауэ сэ сыкъилъагъури гъуэлъыпlэ щlагъым щlэлъэдащ. Тlэкlу зиlэжьэри, абыи къыщlэжыжащ, арщхьэкlэ сызэрыщытт - игъазэри аргуэру щlэлъэдэжащ. Абы зыщигъэпщкlу хъуну зы гъуанэ цlыкlу ди пэшым иlэтэкъым. Сэ ар сщlэрти, мамыру сыщытт, адэкlэ сщlэнум сегупсысу...

Сегупсысым-сегупсысурэ, сигу къэкlар апхуэдизкlэ сигу ирихьыжати, сэ сыарэзыуэ сыкъыпыгуфlыкlащ икlи, си щэхур къэзыщlэн гуэр гъунэгъуу щымыту пlэрэ жыхуэсlэу, зысплъыхьащ, ауэ пэшым сэ нэмыщlа зыри щlэстэкъым.

Сигу къэкlар мырат: «Сеуэнщи, дзыгъуэ цlыкlур сутlыпщыжынщ. Здэжэр зэзгъэлъагъунщи, дыдейхэр къэкlуэжмэ, яжесlэнщ. Дзыгъуэ щыдиlэкlэ, джэдуи диlэн хуейщ. армырамэ, хэт дзыгъуэр къэзыубыдынур? Джэдур Зули сэри ди хъуэпсапlэт. Ауэ дэ сыт хуэдизрэ демылъэlуами, ди анэм ауэ жыжьэу дызытригъэхьэртэкъым.

Арати, а къомым сегупсысри, дзыгъуэ цlыкlум зыгуэр къыщыщlынкlэ сышынэу, бжэр lусхащ. Гъуэгур хуит хъуауэ зэрилъагъуу, ар щlэцlэфтри кладовкэм зыдидзэжащ.

Махуэ псом сэ сегупсысащ, ди анэр къэкlуэжа нэужь, дзыгъуэ зэрыдиlэр зэрыжесlэну щlыкlэм. Абы щхьэкlэ сызэрыгуфlэм гу къылъатэмэ, lуэхур зэlыхьат.

Пщыхьэщхьэм ди адэр къызэрыщlыхьэжу, сыбгъэдэлъадэри, дзыгъуэ зэрыслъэгъуар жесlащ, ауэ джэду lуэху зесхуакъым...

- Дэнэ дзыгъуэ къыздикlар? - щlэупщlа мыхъумэ, абы сэ жысlа къомыр къыфlэlуэхуакъым.

Сэри, си мурадым зыри къызэримыкlар щхьэжэ сщыхъуауэ, зызущэхужащ.

Ауэрэ заул дэкlащ. Махуэ гуэрым ди адэм, зыгуэр хуейуэ кладовкэбжэр lуихри, хужьгъэр зэрылъ тепщэч куум ису дзыгъуэ цlыкlу къилъэгъуащ.

- Уэлэхьэ, щlалэ, пэж дыдэу, дзыгъуэ диlэмэ, - жиlащ абы. - Кlуэи шэнт щхьэгуэр къысхуэхьыт. Деплъынти абы и хэщlапlэм...

Сэ сыжэри шэнтыр къэсхьащ. Дядэм кладовкэр къыдигъэкъэбзыкlри, дзыгъуэр къиубыдащ. Ар иукlауэ щыхыфlидзэм, сэ жысlащ:

- Си гугъапlэ закъуэр... Абы сыт хуэдэу сыщыгугъат.

- Ар сыт гугъапlэ? - къыгурыlуакъым дядэм сэ зи lуэху зесхуэр.

Абдежым сэ зызумысыжащ.

Ди адэм зыри жиlакъым, къыпыгуфlыкlа мыхъумэ. Ауэ махуэ зытlущ дэкlри, езым джэду дахэ цlыкlу къытхуихьащ...

**КlУАНТlЭ lэзид.**

● ГъэщIэгъуэнщ

## Мыр гъащIэщ

Лlы гуэрым шы закъуэ иlэти, дэкlри кlуэдащ.

- Дауэ ухъуну иджы уи шыр уимыlэжу? - къыхуэгузэващ гъунэгъухэр.

- Алыхьращ зыщlэр а къэхъуар lейми фlыми,- жиlэщ, и lэр иридзыхри, ежьэжащ лlыр.

Махуитl докlри, шым къегъэзэж зы гуартэ и гъусэу.

- Сыту уехъулlа, мылъкушхуэ уиlэщ иджы! - жаlащ гъунэгъухэм.

- Абы фlы къриклуэнрэ къримыкlуэнрэ Алыхьырщ зыщlэр, - абы къыфlигъэкlакъым аргуэру лlым.

Лlым и къуэр шыхэм я зым тетlысхьэну иужь ихьэри, мо шы мыгъасэм къриутlыпщхьэхри, щlакъуэ ищlащ.

- Ауеей, уи щlалэ закъуэр щlакъуэ хъуащ, - жаlащ гъунэгъухэм.

- Абы къриклуэнур Алыхьырщ зыщlэр. Аращ гъащlэр, - жиlащ лlым.

Зэман кlэщl дэкlри, зауэ къэхъеящ, щlалэщlэу къуажэ цlыкlум дэсыр дашащ, лlым и щlалэ щlакъуэр къагъанэри.

- Дэ ди къуэхэр тлъагъужыни дымылъагъужыни, уэ уи къуэр зыщlыпlи ягшакъым - сыту уехъулlа!- жаlащ аргуэру гъунэгъухэм.

- Абы къриклуэнури Алыхьым ещlэ! Мыр гъащlэщ! - жиlэрт лlым.

## Дей (Мэртэзей) къуажэр илъэс 276-рэ ирокъу

Нобэ Дей къуажэр зэрыс щlыпlэм къэтlысын ипэкlэ лъэгу псор дей мэзу, пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэри, псэуалъэ къызыхэпщlыкl хъунухэри иту, и лъэгур мывэкlэщхъэ псы къабзэ цlыкlу мэзым пхырыжу щытащ. Псы цlыкlур псынэпс къабзэу зэхэлъэдэжауэ арат.

А псори къалъытэри, жэмыхьэтхэр псы цlыкlум и lуфэм lутlысхьат. Геодезист Чичагов Степан Къэбэрдей Инымрэ Къэбэрдей Цlыкlумрэ ятеухуауэ зэхилъхьа географие картэм цlыху щыпсэу щlыпlэу къыщигъэлъагъуэм укъыщоджэ Мэртазэхэ я къуажэр жэмыхьэт зыбжанэу зэхэсу. А лэжьыгъэр Чичаговым щигъэзэщlар 1744 гъэрщ (Кабардино-русские отношения в XVI - XVIII веках, стр. 173 - 175, Т.2, г. Нальчик, «Эль-Фа», 2007). А картэм къыщыгъэлъэгъуащ Мэртэзейр.

Нэгъуэщl илъэсхэри щыгъусэу lэпхъуэу щытащ.

● Ди къуажэхэр

lэщ, Мэртэзей къуажэм и къежьапlэу къагъэлъагъуэу. Интернетым итщ 1740 гъэр; lэщыж Л.М. хъыбар lуэрыlуатэ къуажэм дэлъхэр и тегъэщlапlэу етх 1746 гъэр (lэщыж Л. М. «Мэртэзей къуажэм и тхыдэм щыщхэр» зыфlища тхылъым; Налшык, «Эль-Фа», 2004, н.7).

А къэдгъэлъэгъуа илъэсхэм ящыщу архивыр лъабжьэ зыхуэхъур 1744 гъэращ. Ауэ къуажэр пасэу тlысауэ жыпlэ хъунущ, пэж дыдэр дымыщlэми.

Чичаговым зэритхымкlэ, Дей къуажэр жэмыхьэтиплlу зэхэту къогъуэгурыкlуэ, ауэ ахэр, зэрыгурыlуэгъуэщи, зы мазэм е зы илъэсым зэхэтlысхьакъым.

А зэманым лlакъуэлlэшхэм я псэупlэр щызэрахъуэкlым я акъылэгъуlупэфlэгъу лъэпкъхэри я гъусэу lэпхъуэу щытащ.

Дей къуажэр иджы зэрыс щlыпlэм япэ дыдэу къитlысхьауэ щытар Жагъыщэхэщ, лъэпкъитху я гъусэу. Жагъыщэхэ я ужькlэ Деипс lуфэ къетlысылlащ Мэртазэхэ, лъэпкъиплl я гъусэу. Ещанэу, Къуныжьей жэмыхьэту, Деипс lуфэм Мэртазэхэ япэмыжыжьэу къетlысылlауэ щытащ Къуныжьхэ, лъэпкъих я гъусэу.

Шыгуэней жэмыхьэтыр Деипс lуфэм яужь дыдэу, еплlанэу къэтlысащ (Безрокъуэ, Шыгуанэ, псори зэхэту лъэпкъипщl зэгъусэу). Абы иужькlэ жэмыхьэтиплlыр зэхэтlысхьэжри, Мэртэзей къуажэ хъуащ.

1920 гъэм Къэбэрдейм Совет властыр щыува нэужь, Мэртэзей къуажэр Дейскэкlэ зэрахъуэкlащ, Дей псы цlыкlум, дей мэз итам трашlыхьри.

**БУЗД Къэралбий, ТОКЪУ Сарэ.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **7**. Пшынауэ цlэрыlуэ, РСФСР-м щlыхь зиlэ и артист. **8**. Налшык и уэрамхэм щыкуэд къуалэбзу. **10**. Пlалъэкlэ нэгъуэщl къалэ, щlыналъэ кlуэ цlыхур къыщцыувыlэ хабзэ унэ. **12**. Цlыху нэпсейм щхьэкlэ жаlэ хабзэщ: «Щlымахуэм ... lэмыщlэ къуитыфынукъым». **13**. Хьэщlэ лъапlэм хуаукl lэщ. **15**. Ху къызыщlаlукl къэкlыгъэ. **17**. Зэщхьэгъусэхэр, я бынхэр. **18**. Кlуэ пэтми бжьыз зымыкlу. **21**. Бгы ... **22**. Нарт фызыжь Уэрсэрыжь и фlыгъэкlэ Лъэпщ ищlа мэкъумэш lэмэпсымэ. **24**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиlэмкlэ, ар куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **25**. Тхылъымпlэ е гъущl зэрызэкlэрагъапщlэ. **27**. Джэрэзыжу, мыл гущlыlум къыщагъафэ. **29**. Къуажэдэс унагъуэм и гъавэ хъумапlэ. **31**. Хадэм зэрилэжьыхь lэмэпсымэ. **32**. Къэрэгъул, плъыр, ... **35**. Ахърэтым зэреджэ нэгъуэщl псалъэ. **37**. Адыгэм къахэкlа усакlуэ нэхъ lэзэ дыдэхэм ящыщ, Къэрэшей-Шэрджэсым и цlыхубэ усакlуэ.

***Къехыу:*** **1**. Зиусхьэн лъэпкъ. **2**. Зи щхьэм имыт, емыгупсысу lуэху гуэрхэр зэрызыхьэ. **3**. ... куэбжэ зиlэ ... мастэ щощlэ. **4**. Японием е Америкэм узэрыкlуэфынур кхъухьлъатэкlэщ е абыкlэщ. **5**. Шыр lумпlафlэ къызэращl кlапсэшхуэ. **6**. Къурш лъэныкъуэмкlэ кърихуу жьы щlыlэтыlэ. **9**. Цы хужь зытет шы. **10**. Чыржын, мэжаджэ, хьэтыкъ, ... **11**. Щlэжьей. **12**. Узэрыбэуэн хьэуар къомэщlэкlыу дунейр щыхуабэвэх зэман. **14**. lэпслъэпс. **16**. Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Адыгэ драмэ театрым и джэгуакlуэ, Урысей Федерацэм щlыхь зиlэ и артист. **18**. lэхъуэхэм зэрахьэу щыта щыгъын щlыlутелъ. **19**. lэщым, шым якlэрыхъыжьэ бадзэшхуэ. **20**. Махуэцlэ. **23**. Бгы щlэуда. **24**. Гукъеуэ зиlэр псэлъалэщи, ... зиlэр тlэхъуалэщ. **25**. Анэкъилъху. **26**. Нартхэм я фадэр къызыхащlыкlыу щыта пхъэщхьэмыщхьэ. **28**. Шым и «вакъэ». **30**. «Щауэ ...» - Къардэнгъущl Зырамыку, Пащlэ Ленэ сымэ ягъэзащlэ уэрэдыжь. **31**. Мыщэ и къуэ ... **33**. ... зыхэвэ нэхърэ бжэн зыхэпкlэ. **34**. Абы имыlэ дунейм теткъым, аргъуей зээрэ ... кхъуейрэ мыхъумэ. **36**. Егъэлеяуэ псышхуэ, тенджызым нэхърэ нэхъ ин, джей абрагъуэхэр хэсу. **38**. ... вы бжьакъуэм къокl.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Мэкъуауэгъуэм и 18-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***
***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Хьэждал. **4**. Хьэжмэт. **7**. Хамэ. **8**. lулъхьэ. **9**. Пхъы. **10**. Шыд. **12**. Ефэ. **13**. Елгъэр. **14**. Сэрей. **16**. Уашхэ. **19**. Къута. **20**. Гъукlэ. **21**. Мыл. **24**. Ахърэт. **26**. Къумахуэ. **27**. Уэтэр. **28**. Хьет. **29**. Шыгу. **31**. Быж. **33**. Дерт. **34**. Мыщэ. **35**. Къаплъэн. **36**. Тэрэзэ.
***Къехыу:*** **1**. Хьэхэбасэ. **2**. Жэмыш. **3**. Лэгъуп. **4**. Хьэсы. **5**. Малъхъэ. **6**. Тхьэгъэлэдж. **11**. Дей. **12**. Еру. **15**. Ещанэ. **17**. Армум. **18**. Акlэ. **22**. Сагъындакъ. **23**. Хэтlэхэсэ. **25**. Тут. **26**. Къурш. **28**. Хьэрып. **30**. Гурышэ. **31**. Бжэн. **32**. Журт.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* Къаншокъуэ Эллэ, *редактору* ЖьэкIэмыхъу Маринэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(1, 2, 6-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ *(3, 4, 5-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Нэужокъуэ Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 4.078 ● Заказ №898